

MEDICAID

HOOSIER HEALTHWISE AK HEALTHY INDIANA PLAN




CareSource[®]



Eta Indiana egzije pou tout plan Medicaid yo ofri sèten avantaj. Sa yo ki nan lis nan paj 3-4. Men, nou ofri plis ankò, tankou:

CareSource Life Services® ak CareSource JobConnect™: Antrenè pou Lavi (Life Coaches) nou yo konekte manm nou yo ak opsyon pou aprantisaj, fòmasyon ak travay. Yo ede manm nou yo tou pou jwenn èd lokal ak manje, lojman, sèvis piblik ak plis ankò. Yo ka ede kowòdone transpò nan vizit ki pa medikal nan kominote a tankou bank manje ak plis ankò.

CareSource24®: Pale ak yon enfimyè 24/7, 365 jou pa ane.

Manadjè Swen: Manadjè Swen CareSource yo ka ede w ak bezwen sante w yo, kowòdone swen w ak plis ankò. Yo ka ede w jere platfòm sante sosyal pou chofè yo tankou pou jwenn yon woulib, yon kote pou rete ak manje. Yo ka ede w konprann avantaj ou yo epi pale ak founisè w yo. Yo ka ede w konnen epi sèvi ak resous lokal yo tou. Manadjè Swen nou yo pral konstwi yon plan swen ki adapte ak bezwen w yo epi ede w atenn objektif ou fikse yo.

Jesyon Maladi: Pwogram pou opresyon, ADHD, toksikomani, otis, sante konpòtman, maladi ren kwonik ak plis ankò.

Pwogram Telefòn Selilè Pulsewrx: Nou ka konekte ou nan yon pwogram ki ka ede w jwenn aksè a yon smatfòn gratis oswa a pri ki ba. Si w kalifye, ou ka jwenn yon telefòn san limit pou pale, tèks ak done pou w itilize pou kontakte CareSource24 ak Ekip Sèvis Kliyan an (Customer Care Team).

Poukisa CareSource®?

CareSource se **pi plis pase asirans sante**.
Kitse pou ede w jwenn yon travay, louvri yon kont labank oswa prepare w pou yon gwosès, nou pral la pou ou.

Woulib Gratis: Manm Healthy Indiana Plan (HIP) ak Pake Hoosier Healthwise (HHW) A yo ka jwenn transpò pou wè otan doktè oswa lòt vizit swen sante ki kouvri yo bezwen gratis. Ou ka jwenn jiska 5 ale retou chak mwa pou ale nan famasi a oswa pou w al chèche manje nan yon gadmanje oswa yon makèt. Paran ki gen tibebe ki nan NICU a kapab jwenn wwayaj pou ale ak pou soti lopital la tou.

Pwogram rekonpans pou tout manm CareSource, pou ede w kòmanse epi kenbe abitud ki an sante yo

Sante a distans(Telehealth): Wè ak yon doktè lèw sèvi avèk yon telefòn oswa yon òdinatè. Ede evite tann lontan nan kabinè doktè a, ER oswa swen ijan pou pwoblèm ki pa ijans. Ou ka itilize sante a distans (telehealth) tou pou pwoblèm sante mantal oswa abi konsomasyon sibstans.

Aplikasyon Mobil CareSource: Ba ou aksè a kat idantite manm, dènye enfòmasyon enpòtan ak yon rechèch rapid pou doktè.

Sipò pou Sante Mantal – myStrength ak BeMe: Zouti dijital ki sekirize epi ki an sekirite pou sipòte sante mantal ak byennèt.

Pwogram pou Re-Antre: Èd pou manm ki fèk soti nan prizon (jail) oswa nan prizon (prison) ki gen ladan èd pou yo efase dosye w la.

Avantaj pou Reyajiste Lisans Kondwi: Èd pou moun ki te gen sispansyon sou lisans chofè yo.

HEALTHY INDIANA PLAN

Healthy Indiana Plan (HIP) se yon pwogram asirans sante pou Hoosiers ki gen ti revni ba ki nan laj 19 rive 64, ak avantaj tankou swen lopital, sèvis sante mantal ak konpòtman, tretman pou abi sibstans, swen matènite, vizit doktè ak preskripsyon.

Anba a wap jwenn yon gid rapid sou plan ki disponib pou manm HIP yo:



	HIP Plis Disponib pou tout manm yo.	HIP Basik Disponib pou kèk manm selon revni yo.		HIP Maternity (Matènite HIP) Disponib pou tout manm ki rapòte gwosès	Plan HIP Leta (HIP State Plan) Disponib pou manm ki kalifye pou resevwa avantaj amelyore (tankou sa yo detèmine ki medikalman frajil)	
					Plis	Debaz
Sèvis Medikal yo	Kouvri	Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri
Sèvis Vizyon	Kouvri	Pa Kouvri*		Kouvri	Kouvri	Kouvri
Sèvis Dantè yo	Kouvri	Pa Kouvri*		Kouvri	Kouvri	Kouvri
Sèvis Kiwopratik	Kouvri	Pa Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri
Preskripsyon medikaman	Kouvri	Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri
Sèvis Sante Mantal	Kouvri	Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri

*Eksepte manm 19-20 ane

HOOSIER HEALTHWISE

Hoosier Healthwise (HHW) se pwogram swen sante Indiana pou timoun ak fanm ansent.

Gen de pakè pwogram diferan anba HHW ki prepare pou gwoup moun ki espesifik.

Pake A (Package A): Plan sèvis konplè pou timoun ak fanm ansent. Manm yo pa gen yon peman chak mwa epi yo pa gen yon kopeman nan chak vizit.

Pake C (Package C): Plan sèvis konplè pou timoun ki nan Children's Health Insurance Program (CHIP). Gen yon ti peman chak mwa ak kopeman pou kèk sèvis ki baze sou revni fanmi an.

	HHW Pake A	HHW Pake C
Pèman	Pa gen pèman	Pèman chak mwa ak kopeman nan chak vizit ka aplike
Sèvis Medikal yo	Kouvri	Kouvri
EPSDT (Sa enkli Vaksinasyon (vaksen), Laboratwa ak Famasi)	Kouvri	Kouvri
Sèvis Dantè yo	Kouvri	Kouvri
Sèvis Vizyon	Kouvri	Kouvri
Preskripsyon medikaman	Kouvri	Kouvri (ak kopèman)
Sèvis Sante Mantal	Kouvri	Kouvri

Pou aprann plis sou pwogram sa yo, vizite www.in.gov/medicaid.

Nou sousye nou de ou ak sante ou.

Nou ta renmen ou rantre nan youn nan plan nou yo. Si w deja enskri nan yon lòt plan, ou ka chanje pandan Peryòd Seleksyon Plan an (1 Novanm-15 Desanm) oswa pandan peryòd redetèminasyon w lan.

Pou plis enfòmasyon sou CareSource:

VIZITE CareSource.com/Indiana

RELE 1-844-607-2829 (TTY: 711)

KESYON?

Si w gen kesyon sou HIP, oswa pou w chanje vin nan CareSource, tanpri rele **1-877-GET-HIP-9 (1-877-438-4479)**.

Si ou se yon manm HIP ou ka chanje adezyon ou nan lespas 60 jou apre plasman. Ou pral resevwa plis enfòmasyon pa lapòs lè w enskri, oswa ou ka vizite sit entènèt Indiana Family ak Social Services nan www.in.gov/fssa/hip.

Si w gen kesyon sou HHW, tanpri vizite www.indianamedicaid.com oswa rele **1-800-403-0864**.

Si ou se yon manm HHW ou ka chwazi pou chanje plan sante ou pandan twa premye mwa yo avèk yon plan oswa pandan peryòd redetèminasyon ou an.



Eksklizyon ak limit yo kapab aplike. Tanpri kontakte CareSource pou plis detay.

CareSource pwoteje enfòmasyon sou sante w nan plizyè fason, tankou alekri, pale ak elektwonikman. Pou plis detay sou pratik konfidansyalite nou yo tanpri vizite [CareSource.com](https://www.caresource.com).

CareSource respekte lwa dwa sivil leta ak federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz laj, sèks, idantite sèks, koulè, ras, andikap, orijin nasyonal, sitiyasyon matrimonyal, preferans seksyèl, afilyasyon relijyon, eta sante oswa estati asistans piblik.

Si usted o alguien a quien ayuda tienen preguntas sobre CareSource, tiene derecho a recibir esta información y ayuda en su propio idioma sin costo. Para hablar con un intérprete, llame al 1-855-202-0729 (TTY: 711).

如果您或者您在帮助的人对 CareSource 存有疑问，您有权免费获得以您的语言提供的帮助和信息。如果您需要与一位翻译交谈，请致电 1-855-202-0729 (TTY: 711)。